



Fich Enfòmasyon Lòd pou Bouyi

Nan Massachusetts yon lòd pou bouyi se yon lòd sante piblik oswa direktiv MassDEP bay konsomatè yo lè yon sistèm dlo potab piblik (PWS) ta ka kontamine pa ajan patojèn.

Enfòmasyon jeneral sou lòd sante piblik yo

Pwogram Dlo Potab MassDEP (DWP) bay lòd sante piblik lè DWP detèmine konsomatè yon PWS patikilye ta dwe pran mezi prekosyon avèk dlo tiyo yo pou kenbe konfòmite a estanda dlo potab yo.

Yon lòd sante piblik se yon mezi prevantif pou pwoteje sante piblik kont yon maladi oswa kontaminasyon reyèl oswa potansyèl ki soti nan dlo. MassDEP bay diferan tip lòd, selon gravite pwoblèm nan:

- Lòd pou Bouyi Dlo (nivo ekseksif bakteri oswa lòt kontaminasyon)
- Lòd pou Pa Bwè (yon kontaminasyon bouyi dlo pa sifi pou trete l)
- Lòd pou Pa Itilize (kontaminan enkonni oswa ki gen gwo risk)


Lè MassDEP bay PWS lokal la yon lòd) PWS la dwe fè bagay sa yo:

- pran mezi korektif apwopriye yo
- avize kliyan li yo
- kontinye teste apwovizyonman li a
- avize kliyan yo lè li rezoud pwoblèm nan, epi retire lòd la.

Nan kèk ka, PWS ka distribye dlo nan boutèy bay kliyan ki afekte yo kòm yon altènativ pou bouyi dlo yo. Dlo nan boutèy la san danje pou itilize pandan yon lòd pou bouyi.

Konsomatè yo ta dwe toujou kontakte founisè dlo piblik lokal yo pou jwenn enfòmasyon pandan yon lòd pou bouyi. Konsomatè yo ka jwenn plis enfòmasyon tou sou sit entènèt vil oswa vilaj yo a. US EPA ak MassDEP ofri tou enfòmasyon sou kontaminan nan dlo pou bwè. Tanpri vizite <https://www.mass.gov/water-supplier-operations>

Etandone chak sitiyasyon diferan, li enposib pou nou predi konbyen tan yon lòd ap rete an vigè. Yo p ap leve lòd la jiskaske tès yo montre dlo a satisfè estanda dlo potab ak sante piblik. MassDEP pral leve lòd la lè yo konsidere dlo a san danje epi li pa reprezante yon menas pou piblik la ankò



Prekosyon jeneral pandan yon lòd pou bouyi:

Anba la a gen prekosyon jeneral MassDEP rekòmande lè yon lòd sante piblik an vigè. Tanpri kontakte depatman dlo lokal ou a pou jwenn enstriksyon espesifik.

Depatman Pwoteksyon

Anviwònman

Massachusetts

100 Cambridge Street, Suite 900,

Boston, MA 02114

www.mass.gov/dep

Commonwealth of

Massachusetts

Maura T. Healey, Gouvènè

Kimberley Driscoll, Gouvènè

Adjwen

Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak

Anviwònman

Rebecca L. Tepper, Sekretè

Depatman

Pwoteksyon Anviwònman

Bonnie Heiple, Komisè

Pwodui pa

Biwo Resous Dlo,

Avril 2024.

Enprime sou Papyè Resikle.

Enfòmasyon sa yo disponib
nan fòm altènativ.

Kontakte Glynis Bugg nan
617-348-4040.

Sèvis TTY# MassRelay

1-800-439-2370

Sit wèb MassDEP:

www.mass.gov/dep

- **JETE** tout glas, ji, fòmil, dlo ki estoke ak manje kri ki pa prepare avèk dlo tiyo pandan peryòd enkyetid la.
- **ITILIZE DLO BOUYI OSWA DLO NAN BOUTÈY** pou
 - bwè
 - preparasyon manje
 - prepare lèt ti bebe
 - fè glas
 - lave manje
 - istansil manyèl ak lavaj ekipman, rense ak dezenfekte
 - bwose dan
 - nenpòt lòt aktivite ki enplike konsomasyon dlo.
- **SANT SWEN TIMOUN AK LEKÒL YO** ta dwe itilize sèlman dlo ki nan boutèy oswa ki bouyi pou
 - prepare lèt tibebe
 - lave men
 - melanje solisyon dezenfektan pou zòn kouchèt ak sifas tankou plato tab ak jwèt.

Anplwaye granmoun yo ta dwe itilize yon dezenfektan men apre yo fin lave men yo avèk dlo tiyo ak savon. Pa itilize fontèn dlo pou bwè epi sispann itilize tab jwèt dlo. Swiv tout konsèy Depatman Edikasyon Massachusetts (DOE) ak/oswa Depatman Edikasyon ak Swen Bonè Massachusetts (DEEC) bay.

- **ETABLISMAN MANJE AN DETAY** yo dwe swiv konsèy sante lokal la ak Depatman Sante Piblik Massachusetts (MassDPH). Fabrikan manje an gwo yo dwe swiv konsèy MassDPH la. Konpayi tretman vyann yo dwe swiv konsèy MassDPH ak Depatman Agrikilti Etazini.
- **PISIN, JAKOUZI A SPA YO** ki fonksyone kòrèkteman, tankou kontwòl woutin pou nivo dezenfeksyon adekwa, ka kontinye fonksyone.
- **PATAJE ENFÒMASYON SA A** avèk tout lòt moun ki bwè dlo sa a, espesyalman moun ki ka pa te resevwa avi sa a, tankou vizitè yo. Ou ka fè sa nan poste avi sa a nan yon espas piblik oswa distribye kopi yo de men an men oswa pa lapòs.
- **TRADUI PROKOSYON YO** pou tout moun ki pa konprann anglè.

Konsèy pou itilizasyon dlo pandan yon lòd pou bouyi:

Bouyi dlo pandan omwen 1 minit

**BOUYI
PANDAN
YON
MINIT**

Dlo pou bwè: Gen de metòd senp ou ka itilize pou trete dlo pou bwè kont kontaminan mikwobyolojik (bakteri). Tou de metòd yo efikas kont bakteri nan dlo.

1. **Bouyi:** Bouyi dlo a pandan omwen 1 minit. Done laboratwa yo montre mezi sa yo sifi pou rann dlo a potab. Ou kapab tou bouyi dlo nan yon fou mikwo ond nan itilize yon veso ki adapte a mikwo ond, men li rekòmande pou mete yon bagèt an vè oswa yon ti baton an bwa oswa an plastik nan veso a pou anpeche fòmasyon dlo sichofe (dlo ki chofe depase pwèn ebilasyon li, san fòmasyon vapè). Ou ta dwe refwadi dlo a epi vide li nan yon veso pwòp oswa mete li nan frijidè jiskaske ou pare pou itilize li.
2. **Dezenfeksyon:** Itilize konprime dezenfektan ou ka jwenn nan magazen pwodui sovaj oswa famasi. Nan yon ijans, ou ka itilize klowòks likid tankou Clorox™ oswa Purex™ nan yon dòz 8 gout (1/8 ti kiyè) klowòks pou chak galon dlo. (Mezi avèk anpil atansyon avèk yon kont-gout pwòp oswa lòt aparèy egzat obligatwa lè w ap itilize klowòks likid.) Kite li poze pandan omwen 30 minit anvan ou itilize li. Li etikèt la pou wè si klowòks la gen 5-6% klò.

Lave vesèl: Ou ka itilize yon machin pou lave vesèl si li gen yon sik dezenfeksyon. Si li pa gen yon sik dezenfeksyon, oswa ou pa sèten si li genyen, ou ka lave vesèl ak istansil yo alamen nan swiv etap sa yo:

1. Lave vesèl yo jan ou ta nòmalman fè sa.
2. Kòm yon dènye etap, plonje vesèl yo pandan omwen yon minit nan dlo tyèd kote ou te ajoute yon ti kiyè klowòks pou chak galon dlo.
3. Kite vesèl yo seche nèt.
4. Ou ka itilize dlo bouyi ak refwadi oswa dlo nan boutèy tou.

Benyen ak douche: Benyen jenn timoun yo avèk eponj. Pa benyen yo nan yon benwa kote yo ka vale dlo a. Granmoun oswa timoun ki pi gran yo ta dwe pran prekosyon pou yo pa vale dlo lè y ap benyen.

Bwose dan ou: Itilize dlo dezenfekte oswa bouyi sèlman pou bwose dan ou.

Glas: Itilize dlo dezenfekte oswa bouyi sèlman pou fè kib glas. Konjele pa touye bakteri oswa lòt mikwo-òganis.

Lave manje: Itilize dlo dezenfekte oswa bouyi sèlman pou lave fwi ak legim oswa pou rense diri oswa lòt sereyal.

Lave men: Lave men ou avèk savon ak dlo bouyi, oswa savon ak dlo nan boutèy. Si ou gen dlo tiyo sèlman pou itilize, li pi bon pou w itilize yon dezenfektan men ki a baz alkòl apre w fin lave men w. Si li pa posib epi men ou yo te ekspozè a mikwòb (tankou apre w fin itilize twalèt la), lave avèk dlo tiyo

cho ak savon epi byen siye men ou pi bon pase pa lave yo ditou. Nan ka sa yo, eseye kenbe men ou lwen bouch ou epi itilize yon dezenfektan men pi vit posib apre ou fini.

Kwit manje: Fè dlo a bouyi pandan 1 minit anvan ou ajoute manje.

Lèt ti bebe: Itilize sèlman lèt ti bebe ki prepare nan bwat ki pa kondanse epi ki pa bezwen ajoute dlo. Pa itilize lèt an poud ki prepare avèk dlo kontamine.

Plant enteryè ak jaden: Ou ka itilize dlo ki pa trete pou wouze plant ak jaden nan kay la. Sepandan, pa itilize dlo ki pa trete sou plant alimantè tankou tomat oswa bè.

Bèt kay: Menm prekasyon pou pwoteje moun yo aplike pou bèt kay yo. Pa ekspozè ouganis akwatik yo (pa egzanp, pwason) nan dlo ki gen nivo bakteri ki wo. Si ou bezwen rafrech dlo ouganis lan, itilize dlo bouyi oswa dlo nan boutèy kòm sadwa.

Itilize dlo bouyi oswa dezenfekte sèlman pou benyen ak prepare manje.

2.) Kisa pou w fè apre yo fin leve Lòd la

Rense tout tiyo yo lè yo leve lòd la: Lè w ap rense, li enpòtan pou swiv enstriksyon yo bay yo. Rense kay ou ak tiyo dlo bilding yo, tankou:

- Wobinèt enteryè ak eksteryè,
- Douch yo,
- Distribitè dlo / glas,
- Inite tretman dlo, elatriye.
- Aparèy chofaj dlo yo ka bezwen rense pou retire dlo ki kontamine.
- Gen kèk tip aparèy tretman dlo ki ka bezwen dezenfekte oswa ranplase anvan ou itilize yo. Kontake fabrikan an pou detay yo.

Men konsèy detaye sou sa pou fè apre fen yon lòd pou bouyi:

Wobinèt Dlo Frèt: Kite l koule jiskaske dlo a vin frèt, yon minit oswa plis, anvan ou bwè, bwose dan ou, oswa itilize l pou preparasyon manje. Si ou gen yon tiyo yon sèl levye, regle l pou koule dlo frèt la an premye.

Wobinèt Dlo Cho: Pou debarase tiyo dlo cho ak aparèy chofaj de dlo ki pa trete, chanje tout wobinèt yo an dlo cho epi rense pandan omwen:

- 15 minit pou yon tank dlo cho pou kay tipik 40 galon
- 30 minit pou yon tank dlo cho 80 galon oswa pi gwo

Lè sa a, dlo cho bon pou itilize pou lave men, vesèl, po kaswòl, elatriye. Pa janm itilize dlo ki soti nan wobinèt cho a pou bwè, pou rense bouch ou, oswa pou kwit manje.

Aparèy pou lave vesèl: **Apres w fin rense tiyo dlo cho ak aparèy chofaj dlo yo, fè aparèy pou lave vesèl la fonksyone a vid yon fwa.**

Imidifikatè: Jete tout dlo ki itilize nan imidifikatè, machin Presyon Vwa Respiratwa Kontinyèl Pozitif (CPAP), aparèy bouch, medikal oswa swen sante. Rense aparèy la avèk dlo pwòp.

Manje ak lèt ti bebe: Jete lèt ti bebe ak lòt manje ki prepare avèk dlo nan jou (yo) lòd pou bouyi a. (Si w pa fin sèten de dat yo, kontakte depatman dlo w la.)

Frijidè machin distribisyon dlo: Rense avèk omwen yon ka dlo. Si ou pa sèten de kapasite distribitè w la, al gade nan espesifikasyon fabrikasyon an.

Kib glas: Debarase distribitè glas otomatik yo de glas ki fèt pandan lòd pou bouyi a epi fè yo fonksyone pandan sik 24 èdtan. Jete glas sa a pou asire netwayaj liy apwovizyonman an dlo machin a glas la.

Remak: Apre yon lòd pou bouyi, depatman dlo lokal la ka rense priz dlo yo. Kòm rezilta rensaj alafwa priz dlo ak tiyo dlo nan kay yo, kèk kliyan ka gen yon mank presyon dlo ak / oswa dlo dekolore. Sa a se yon rezilta espere epi li pa poze yon risk sante imedyata. Kontakte depatman dlo lokal ou a si w gen kesyon.

Lòt Enfòmasyon sou Maladi ki Transmèt nan Dlo:

Nenpòt moun ki konsome dlo kontamine ka vin malad. Ti bebe, jenn timoun, granmoun aje, epi moun ki gen sistèm iminitè ki gravman afebli yo gen plis risk pou maladi. Sentòm yo ka gen ladan yo:

- dyare
- trancheman vant
- kè plen
- lajònis
- tèt fè mal
- fatig

Sentòm yo ka parèt kèk èdtan oswa plizyè jou apre enfeksyon an epi yo ka dire plis pase de semèn. Sentòm sa yo, sepandan, yo pa sèlman asosye ak maladi dlo; yo ka soti tou nan lòt maladi. Si w malad avèk sentòm sa yo, kontakte founisè swen sante w la.

Si ou te deja konsome dlo kontamine san ou pa konnen, pa gen anyen ou ka fè konsènan ekspozisyon ou te resevwa a. Si w vin malad, kontakte founisè swen sante w la. Swiv rekòmandasyon yo isit la jiskaske yo di ou dlo w la sen ankò.

Toujou kontakte founisè dlo piblik lokal ou a pandan yon lòd pou bouyi oswa lòt lòd sante piblik konsènan dlo potab!

Yon remak konsènan bakteri E. coli

E. coli se yon sou-gwoup nan gwoup bakteri kolifòm fekal la. Gen anpil souch E. coli, pi fò nan yo inofansif, men gen kèk souch ki ka lakòz maladi. Epidemi E. coli resevwa anpil kouvèti medya. Pifò epidemi yo soti nan kontaminasyon manje (pa dlo) ki te koze pa yon souch espesifik E. coli yo rekonèt kòm E. coli O157:H7. Lè yo rapòte yon echantyon dlo pou bwè kòm "E. coli pozitif", sa pa vle di souch espesifik sa a prezan e an reyalye, li pwobableman pa prezan. Sepandan, li endike kontaminasyon fekal resan. Bouyi oswa trete dlo potab ki kontamine avèk yon dezenfektan detwi tout fòm E. coli.

Resous MassDEP yo

- **Gade lòd sante piblik konsènan dlo potab la**

Itilize [baz done sou entènèt MassDEP la konsènan lòd sante piblik](#) pou jwenn yon lòd pou vil oswa vilaj ou a. MassDEP mete ajou baz done sa a lè yo pibliye oswa retire yon Lòd pou Bouyi, Lòd pou Pa Bwè, oswa Pa Itilize.

Si ou pa wè vil ou a sou lis la men founisè dlo w la te bay yon lòd pou bouyi, ou ka fè rechèch sou non vil ou a. Fè rechèch sou vil ou a pral montre tou tout lòd pou bouyi ki sispann pou vil la.

- **Pou jwenn yon dènye lis kontak tout sistèm dlo piblik ki anrejistre nan Massachusetts** gade <https://www.mass.gov/water-supplier-operations>, ansuit, desann nan Reporting & Public Notification epi chwazi fèy kalkil Excel pou PWS, Active Sources and Contacts Spreadsheet (Fèy Kalkil Sous Aktif ak Kontak).
- **Aprann kijan lòd sante piblik yo pwoteje nou kont apwovizyonman dlo ki kontamine**, gade <https://www.mass.gov/guides/drinking-water-boil-orders-and-public-health-orders>

